

Program Sèvis Gadri ak Edikasyon Timoun Piti pou fanmi nan Vil New York

Vil New York ofri fanmi ki kalifye yo plizyè posiblite ki gratis oswa ki pa koute chè pou gadri ak edikasyon pou timoun. Nan pwogram sa yo, yo ofri sèvis gadri ak edikasyon pou timoun depi lè yo fèt pou rive trèzan (13) (oswa rive 19 an pou timoun ki gen andikap yo), pandan tout ane a. Kalifikasyon yo fèt sou baz revni fanmi ou ak pou ki rezon ou bezwen sèvis gadri a. Si ou kalifye epi gen yon plas ki disponib, timoun ou an ka kòmanse nenpòt lè.

OPSYON

EarlyLearn

Nan pwogram EarlyLearn DOE yo, tankou Early Head Start, yo ofri sèvis gadri ak edikasyon pou tibebe ak timoun piti.

Laj: 0 - 2 zan.

Pwogram: Nan sant lan ak lakay

Lè: Tout ane a, jiska 10 èdtan pa jou

www.nyc.gov/earlylearn

3-K for All

Fanmi nan Vil New York yo ka enskri nan pwogram 3-K for All bon kalite, ki gratis epi pou tout jounen. Pwogram sa yo disponib pou fanmi ki nan tout distri eskolè yo, men plas yo limite nan kèk distri. Fanmi yo ka enskri nan pwogram 3-K a nan ane kote timoun nan vin gen twazan (3 zan).

Laj: 3 zan

Pwogram: Nan sant lan, nan lekòl epi lakay

Lè: Tout ane a, jiska 10 èdtan pa jou

www.nyc.gov/3k

Pre-K for All

Fanmi nan Vil New York yo ka enskri nan pwogram Pre-K for All bon kalite, ki gratis epi pou tout jounen. Pwogram sa yo disponib pou tout fanmi nan tout distri eskolè yo, kèlkeswa revni yo oswa bezwen yo. Fanmi yo ka enskri nan pwogram Pre-K a nan ane kote timoun nan vin gen katran an (4 an).

Laj: 4 an

Pwogram: Nan sant lan ak nan lekòl

Lè: Tout ane a, jiska 10 èdtan pa jou

www.nyc.gov/prek

Child Care Vouchers

Koupon gadri pou timoun yo ede yo kouvri depans sèvis gadri plizyè santèn founisè bay lakay moun oswa nan sant yo nan tout vil. Ou ka itilize koupon yo tou pou peye paran, wazan oswa zanmi yo te apwouve pou bay sèvis gadri.

Laj: 6 semèn - 13 an (oswa rive 19 an pou timoun ki gen andikap yo)

Pwogram: Nan sant lan ak lakay

Lè: Tout ane a, jiska 24 èdtan pa jou

nyc.gov/childcarevouchers



Pwogram Sèvis Gadri ak Edikasyon Timoun piti pou fanmi nan Vil New York

KALIFIKASYON

Fanmi ou kapab kalifye pou benefisye yon kupon ACS pou sèvis gadri timoun oswa yon pwogram DOE Head Start, EarlyLearn oswa Extended Day/Year, si 1) revni fanmi ou pi piti oswa li egal ak 300% Nivo Povrete Federal la epi 2) ou ap chèche gadri pou timoun ou akoz youn nan rezon sa yo: ou travay plis pase 10 èdtan pa semèn, ou ap suiv yon pwogram edikasyon oswa fòmasyon pwofesyonèl, ou ap chèche yon travay, ou ap viv nan lojman tanporè oswa ou ap resevwa sèvis pou vyolans nan kay. Ou kapab reponn kèk kesyon tou kout pou konn si ou kalifye nan access.nyc.gov

FASON POU ENSKRI

Pou EarlyLearn, 3K For All oswa Pre-K For All:

IDANTIFYE YON PWOGRAM

- Vizite www.MySchools.nyc/schools pou ou jwenn yon ajanda pou pwogram EarlyLearn, 3K ak Pre-K For All.
- Sèvi ak "More Filters" epi chwazi "Head Start" oswa "Extended Day/Year" si ou enterese nan pwogram ki bay swen pandan tout ane a (menm pandan mwa ete yo)
- Rele nan 718-935-2009, imèl nan: ES_Enrollment@schools.nyc.gov oswa vizite yon Sant Dakèy pou Fanmi DOE pou yo ka ede ou

ENSKRI NAN:

Pwogram Early Learn, 3K for All oswa PreK for All pa jou/pa ane

Pou Pwogram Head Start yo:

- Enskri dirèkteman nan pwogram nan (vizite sit entènèt yo a oswa rele yo pou enstriksyon).

Pou Tout lòt Pwogram yo:

- Ranpli yon fòm enskripsyon: bit.ly/childcareeligibility
- Voye enskripsyon an nan pwogram ou chwazi a, oswa bay DOE pa imèl nan CCapplication@schools.nyc.gov oswa voye li pa kourye nan Family Welcome Center, 333 7th Avenue 12th floor, New York, NY, 10001

ENSKRI NAN:

Pwogram Early Learn, 3K for All oswa PreK for All pa jou/pa ane

- Rele pwogram 3K oswa Pre-K a dirèkteman pou ou konn si yo ap ouvé touswit oswa ki lè ap gen yon plas ki disponib. Pwogram sa yo pa egzije okenn kondisyon kalifikasyon!!

Pou Child Care Vouchers:

IDANTIFYE YON PWOGRAM

- Vizite pòtay Child Care Connect DOHMH la pou ou konsilte yon lis sant ki gen lisans pou bay sèvis gadri ak edikasyon pou timoun piti, pwogram eskolè yo, avèk kan ete ki otorize yo, oswa ale nan Zouti Rechèch pou Sèvis Gadri Timoun OCFS yo (OCFS's Child Care Search Tool) pou ou konsilte yon lis founisè ki gen lisans pou bay sèvis nan kay.
- Si ou pa konnen nan ki pwogram pou ou patisipe, pa gen pwoblèm – ou ka voye aplikasyon pou sèvis gadri timoun ou an san ou pa met enfòmasyon sa yo.
- Rele nan (212) 835-7610 pou ou jwenn èd.

ENSKRI

- Ranpli yon fòm enskripsyon <https://www1.nyc.gov/site/acs/early-care/forms.page>
- Voye fòm enskripsyon ou lan bay ACS pa kourye nan NYC Children – EDU, PO Box 40, Maplewood, N.J., 07040.
- Si ou kalifye, yo ap ba ou yon kupon ou ap gen pou ranpli epi voye tounen bay ACS.

VIRE POU PLIS
ENFÒMASYON

